DEPATMAN DETA NYS - DIVIZYON SÈVIS LISANS

PRATIK ESPESYALITE ZONG
LIS MATERYÈL POU EGZAMEN

Depatman Deta Eta Nouyòk, Divizyon Sèvis Lisans, One Commerce Plaza, PO Box 22001, Albany, NY 12201-2001

Li rekòmande pou ou mete founiti ou yo nan sache plastik ki ka sele, gwoupe epi make pou chak pwosedi respektif. Pwodui sa yo ta dwe rete nan sak transpò w la oswa nan veso plastik ou a jiskaske ou bezwen yo pou fè chak pwosedi epi jan yo ba w enstriksyon yo (pou konfò w, nou sijere w konsidere yon sistèm vwayaj a woulèt). Tout zouti/ekipman yo ta dwe dezenfekte/netwaye anvan yo anbale yo. Founiti ki fèt pou yon sèl itilizasyon yo ta dwe nèf/pa itilize. **Pwodwi ki pa oblije nan veso orijinal yo dwe make an angle epi yo ka make tou nan yon lòt lang ou chwazi.** (Remak: Tout zouti byen file yo DWE transpòte nan yon veso rijid ki make 'pwòp'. Yo DWE retire tout zouti yo nan yon veso rijid ki make 'sal'.
ENPÒTAN: Si ou rive nan lokal egzamen an apre lè kòmansman ki espesifye a, yo p ap admèt ou nan egzamen an epi w ap pèdi frè egzamen an.

******Tanpri pote pwòp plim ou pou siyen nan egzamen an******

Aparans Pwofesyonèl ak Preparasyon Kliyan (Modèl)

APARANS PWOFESYONÈL

☐ Rad pwòp pou mete sou chemiz oswa rad long (nòt: pa gen tabliye)
(akseswa cheve pou rale cheve dèyè si sa nesesè)
☐ Gan jetab (opsyonèl)
Sijesyon: Evite pote oswa mete bagay ki asosye w ak yon lekòl, yon estidyo oswa nenpòt lòt afilyasyon an patikilye.
Rapèl: Pou rezon sekirite, ou oblije mete soulye fèmen ki kouvri tèt pye a.

EGZIJANS/PREPARASYON KLIYAN (MANNKEN): ***Pa gen Modèl An Dirèk ki Otorize**
☐ Mannken Men – li rekòmande pou w itilize plastik fleksib e ki mou (ou ka mete fo pwent ladan l)
(Remak: Fòk ou mete 3 pwent zong ak yon bò lib ki pa depase 1/8 pous anvan egzamen an)

Preparasyon Espas Travay La

☐ Solisyon dezenfektan EPA apwouve nan anbalaj orijinal ki gen etikèt la (likid, espre, ti sèvyèt mouye, elt.) –
☐ Sèvyèt papye PST oubyen sèvyèt papye ki ka jete (omwen 10-12)
☐ Sèvyèt tab – obligatwa
☐ Sak plastik ki ka refèmen (tankou zip-lock) ki make 'disposables' 'pou jete' pou jete/fatra
☐ Kole tep pou tache sak fatra a nan zòn travay la
☐ Espre oswa dezenfektan pou zouti (oswa ti sèvyèt ki gen alkòl) nan anbalaj orijinal li (pou egzamen; pou itilize si zouti a kontamine)
☐ Spatil (pou retire pwodui nan resipyan yo jan sa nesesè) - (pa obligatwa)*
☐ Limyè ki mache ak pil pou tache ak yon klip (pa obligatwa)* - Atansyon: *Ka afekte pwosesis pou kuit pwodui akrilik la.*

Materyèl Jeneral & Twous Premye Swen:

☐ Dezenfektan pou men (nan boutèy/dispensè orijinal la oswa nan pake a)
☐ Gan pwoteksyon (2-3 pè)
☐ Resipyan plastik, solid (di) (ki gwo ase pou kenbe zouti ki ka kontamine)
☐ Sak plastik ki ka fèmen ak zip (2-3) epi ki make 'blood contamination' (kontaminasyon san) (pou si ta gen san ki koule)
☐ Bandaj tep (2-3) - nan yon sachè plastik ki ka fèmen (kalite zip-lock) ki make 'First Aid' (Premye Swen) (ou ka mete l anndan yon veso ki di)
☐ Ti boul koton (2-3) ak/oswa ti moso gaz (2-3)

Si w pa chwazi pou transpòte materyèl pwòp yo sèlman nan sachè plastik ki ka fèmen, ou pral bezwen tou:
☐ Yon veso ki kouvri epi ki make 'clean' (pwòp) pou transpòte zouti
Si w pa vle mete tout zouti ou itilize yo nan sak ki gen bagay pou jete a, ou pral bezwen tou:
☐ Yon veso ki kouvri epi ki make 'dirty' (sal) pou transpòte zouti ki fin itilize nan egzamen an

Maniki Debaz ak Preparasyon pou Lòt Pwosedi

☐ Dezenfektan pou men ki gen 60% alkòl oswa plis (nan boutèy/distribitè orijinal oswa nan pake a) – pou itilize pandan tout egzamen an
☐ Boutèy dlo espre (ranpli davans), byen make (nou rekòmande pou w pote yon lòt boutèy dlo tou paske nou pa ka garanti disponiblite dlo)
☐ Savon likid pou men (pa obligatwa)*
☐ Bòl pou tranpe dwèt (pa gen resipyan ki ka ranplase l)
☐ Bwòs pou zong maniki sentetik (pa obligatwa)*
☐ Sèvyèt pwòp (pou siye men)
☐ Bagay pou fè chè a mou
☐ Baton bwa zoranj (apeprè 2-5) ak koton ak/oswa bagay pou pouse chè.
☐ Spatil (pa obligatwa)*
☐ Krèm oswa lwil pou men (pou masaj)
☐ Ti sèvyèt pou zong ki pa gen ti pay
☐ Materyèl pou poli ki gen twa bò ak/oswa blòk materyèl pou poli
☐ Lim/abrazif (mwayen ak fen) – pou bay zong yo fòm epi retire briyans
☐ Espre antiseptik pou zong lan anbalaj orijinal la, ki gen etikèt sou li (Remak: DWE san danje pou itilize sou po a

Aplikasyon ak Fòm Pwent

ENPÒTAN: Ou DWE pote pwent yo jan yo mande sa pou w ka resevwa kredi pou seksyon sa a nan egzamen an.

☐ Pwent zong (omwen 6) – [Pwent zong yo DWE kouvri omwen mwatye plak zong lan, men pa plis.] (Remak: Li rekòmande pou yon bò lib ki pa depase 1/8" pou asire w ap gen pi bon rezilta
☐ Kòl pou zong [aplikasyon ak penso entèdi]
☐ Baton bwa zoranj (pou gaye kòl la oswa retire kòl ki anplis) (pa obligatwa)*
☐ Tay pou koupe pwent zong ak/oswa zouti pou koupe pwent zong
☐ Ti sèvyèt pou zong ki pa gen ti pay
☐ Lim/abrazif (ki di, mwayen, ak fen)
☐ Espre antiseptik pou zong lan anbalaj orijinal la, ki gen etikèt sou li (Remak: DWE san danje pou itilize sou po a

Aplikasyon Bagay pou Vlope a

☐ Sizo pou twal

☐ Anbalaj fib vè (bann sis pous) – Remak: PA koupe l alavans nan gwosè zong lan anvan egzamen an

☐ Sistèm rezin/adezif ak aktivatè/akseleratè espre pou fib an vè

REMAK: Aktivatè/akseleratè (espre) – DWE menm sistèm ak rezin/adezif ki itilize a; PA gen dwa aplike ak bwòs oubyen ak ayewosòl

☐ Swa ki pa adezif oubyen swa ki adezif (bann sis pous) – Remak: PA koupe l alavans nan gwosè zong lan anvan egzamen an

☐ Kòl (pou vlope swa)

☐ Fèy plastik pou peze twal sou zong (pa obligatwa)*

☐ Pens ak/oswa selofàn (pou mete twal sou zong) (pa obligatwa)*

☐ Ti sèvyèt pou zong ki pa gen ti pay

☐Lim/abrazif (mwayen ak fen)

☐ Materyèl pou poli ki gen twa bò ak/oswa blòk materyèl pou poli

☐ Luil (pou fè l klere)

☐ Espre antiseptik pou zong lan anbalaj orijinal la, ki gen etikèt sou li (Remak: DWE san danje pou itilize sou po a

Aplikasyon Acrylic [Sistèm ki pa gen sant obligatwa]

REMAK: Monomè likid akrilik ou a DWE pa gen sant, nan boutèy orijinal la (nouvo/pa itilize), epi so fabrikan an dwe san defo (pa kase oswa pa ouvri). Engredyan pwodui monomè likid yo DWE make sou boutèy la. Si w PA pote monomè likid la jan yo mande a, ou PA P gen dwa pran egzamen pwograme w la.

☐ Baz akrilik *nan veso orijinal la, ki make ak etikèt la (sèlman nesesè si sistèm nan egzije sa)*

☐ Poud akrilik (Koulè ou chwazi: klè/woz/natirèl)

☐ Monomè akrilik – DWE yon pwodwi/sistèm ki pa gen sant nan veso orijinal la (nouvo/pa itilize) ak so fabrikan an san defo/ki pa kase (Nòt: Engredyan pwodui a DWE make sou boutèy la.) -***Ou P AP otorize pou w fè egzamen sa a si w pa bay atik sa a jan yo mande a. Se sèlman yon sistèm akrilik ki pa gen sant ou ka itilize; pwodui ki pa gen anpil odè PA akseptab.***

☐ Bagay pou degoute (2) – youn pou monomè ak youn pou luil

☐ De (2) asyèt dappen ak kouvèti - pou likid ak poud akrilik ki pa gen sant (Nòt: Olye de kouvèti, ou ka itilize ti sèvyèt oswa sèvyèt papye pou kouvri asyèt yo lè w p ap itilize yo.)

☐ De fòm zong (ou ka itilize ankò oswa ki ka jete)

☐ Bwòs pou zong akrilik

☐ Ti sèvyèt pou zong ki pa gen ti pay

☐ Lim/abrazif (di ak mwayen)

☐ Materyèl pou poli ki gen twa bò ak/oswa blòk materyèl pou poli

☐ Luil (pou fè l klere)

☐ Espre antiseptik pou zong lan anbalaj orijinal la, ki gen etikèt sou li (Remak: DWE san danje pou itilize sou po a

ENPÒTAN: Apati 1ye novanm 2001, itilizasyon MMA oswa nenpòt pwodui ki gen MMA entèdi fòmèlman nan sèvis zong lan Eta Nouyòk epi yo PA otorize pou itilizasyon nan egzamen sa a.

Aplikasyon ak Netwayaj Kitèks

☐ Kitèks krèm wouj

☐ Kouch baz ak kouch finisyon (Remak: Kapab menm pwodwi a sèlman si li gen tout bagay nan yon sèl) PA gen okenn bagay pou bouche mas sou zong ki otorize

☐ Baton bwa zoranj (pou retire kitèks sou po oswa chè) – (Lòt opsyon akseptab ka gen ladan yo: baton bwa zoranj ak koton, aplikatè, oswa nenpòt lòt ti bwa ki ka jete ki apwopriye.) *Ou pa gen dwa sèvi ak dwèt ou pou w retire kitèks sou po a oswa sou chè a.)*

☐ Koton (anvlope nan yon sachè plastik ki ka fèmen) oubyen ti sèvyèt ki pa gen pay (pa obligatwa)*

☐ Pwodui pou retire kitèks nan veso orijinal la, ki gen etikèt la

☐ Plato dappen ki kouvri pou kenbe pwodui pou retire kitèks (pa obligatwa)*